# बच्चन खातीर बाइबिल

प्रस्तुति



# स्वर्ग, ईश्वर के खुबसूरत घर

लिखेवाला : Edward Hughes
सचित्र करेवाला : Lazarus
अपनावेवाला : Sarah S.
अनुवाद करेवाला : डॉ विनय कुमार
पेश करेवाला : Bible for Children
www.M1914.org

BFC
PO Box 3
Winnipeg, MB R3C 2G1
Canada

2015 Bible for Children, Inc.
अनुमति पत्र : रउरा सब एह कहानी के नकल करेके आ छापे के अधिकार तब तक बा जब तक रउरा एके प्रयोग बेचे खातीर ना करब ।

जब यीशु जीवित रहलन, उ अपना चेला लोग से स्वर्ग के बारे कहले रहलन । उ ओकरा के "हमरा बाबु जी के घर" पुकरलन आ कहलन कि ओहिजा ढेर सारा हवेली बा । हवेली खुब बडका आ सुन्दर मकान के कहल जाला । स्वर्ग धरती पर के घरन से ढेर बड आ सुन्दर भवन ह ।



यीशु कहलन, "हम तोहन लोग खातीर घर तैयार करे जात बानी । तब हम फिर आईब आ तोहन लोग के अपना पासेले जाईब ।" मृतक लोग में से जी उठला के बाद यीशु स्वर्गगईलन । जब चेला लोग उनका देखत रहलन, यीशु उपर उठा लिहल गईलन आ बदरी उनका के ओह लोग के नजर सेअन्ह कर
दिहलस ।



तबे से ईसाई लोग याद कईले बाडन कि यीशु अइहन आ उनकन लोग के ले जइहन । यीशु ओह लोग के भरोसा दिलवलन कि उ तुरन्त अईहन । बाकि उ लोग के का होई जे उनका आवे से पहिलही मर जाई?

पवित्र बाईबिल कहे ला कि उ लोग सीधायीशु के पास जाला लोग । एह आत्मा के शरीर में ना रहला के मतलब कि उ आत्मा ईश्वर के साथे बा ।



पवित्र बाईबिल के अंतिम किताब प्रकाशना बतलावे ला कि स्वग्र केजना सुन्दर बा । सबसे सुन्दर बात त ई ह कि स्वर्ग ईश्वर के घर ह । ईश्वर चारो ओर बाडे, बाकि उनकर सिंहासन स्वर्ग में बा ।



स्वर्ग मे दूतगण अउर स्वर्ग के जन ईश्वर के पूजा करेलन । ईश्वर के लोग ले मर गइल बा अउर स्वर्ग गईल बा ईश्वर के पूजा करेलन । उ लोग स्तुति के विशेष गीत गावेलन जा ।



ओहिजा गावे जाए वालन गीतन में से एगो गीत के कुछ शब्द एहिजा बा : रउआ ओह लायक बानी काहें कि रउरा हनी के हर जाति आ देश क लोगन में से चुन के अपना खून के द्वारा हमनी के मुक्त कराके ईश्वर के पास ले गईल बानी आ ईश्वर के पासे हमनी के राजा आ पुरोहित बनवले बानी । (प्रकाशना ५:९)



बाईबिल के अन्तिम पन्ना स्वर्ग के 'नया येरुसालेम' जैसा बखान करेला । ई खूब बडा बा आ ओकरा चारो ओर बडका बडका दिवार बा । ई दिवार शीशा लेखा उज्जर पत्थर के बनल बा । इ दिवार के नींव रत्न आ अनमोल पत्थर से ढकल बा, जवन कि शानदार रंग के चमकेला ।



हरेक शहर के दरवाजाएकही बडका मोती के पत्थर के बनल बा !

इ मांती के बनल दरवाजा कबो बन्द ना होला । हमनियों के ओकरा भीतर चली जा आ ओकर दर्शन करिजा वाह ! इ स्वर्ग त भीतर से अउर सुन्दर बा । इ शहर त शुद्ध सोना के बनल बा, बिल्कुल सफेद शीशा लेखा ।



ईश्वर के सिहांसन से एगो सुन्दर आ साफ जीवन के नदी के पानी के धारा बहेला । ओह नदी के दूनो ओर जीवन के पेंड बा, जवन पहिला बार ईडन नामक बगिचा में पावल गईल रहे । इ पेंड खासम खास ह । इ पेंड बारह महिना में बारह प्रकार के फल उत्पन करेला । आ एह जीवन वृक्ष के पत्ता सब राष्ट्र् के चंगा करे खातीर बा ।



स्वर्ग के, प्रकाश खातीर ना त सूर्य के अउर चाुद के प्रकाश के जरूरत बा ं। ईश्वर के आपन महिमा स्वर्ग के एक विशेषप्रकार के अंजोर से भर देला । ओहिजा कबो आंहार ना होला ।



इहा तक कि स्वर्ग के जानवर भी अलग प्रकार के बाडन। उ सब पालतु हवन आ मित्रता के भाव से रहेनप। भेडियां आ मेमना सब एके साथे घास चरेलन। इहाँ तक कि शक्तिशाली शेर भी बैल लेखा घास खालन। ईश्वर कहेलन, "हामारा पवित्र पर्वत पर उ लोग एक दूसरा के ना त चोट पहुंचइहेंना ही एक दूसरा के नष्ट करिहें।"



जब हमनी के अपना आस पास देखीना जा, तब हमनी के पाईना जा कि सवर्ग में से कुछ चीज गाएब बाटे । गुससा वाला शब्द कबो सुने
के ना मिलेला ।



कवनो आदमी गेंग ना करेला चाहे स्वार्थी ना होला ।ओहिजा दरवजन में ताला ना लागे काहें कि ओहिजा चोर नईखन । ओहिजा झूठ बोले वाला नईखन, हत्यारा, ओझा गुनी चाहे दूसरा प्रकार के बदमाश लोग नईखन । स्वर्ग में कवनो प्रकार के पापनईखे ।





स्वर्ग में ईश्वर के साथें आँसू के कवनो नामो निशान नईखे । कबो कबो, ईश्वर के आदमी एह जीवन में घोर कष्ट के कारण रोवेलन । बाकि स्वर्ग में, उ सबकर आँसू पोछ दिहंन ।

इहा तक कि स्वर्ग में मृत्यु भी नईखे । ईश्वर के लोग हमेशा खातीर उनका साथे रहीहन । ओहिजा अब कवनो दुख नईखे अउर ना ही रोवे गावे के बा, ना कवनो बीमारी, ना बिछुडन आ ना ही मजल के विधि विधान । स्वर्ग में हरेक आदमी ईश्वर के साथे खुशहाल बा ।



सबसे अच्छा, स्वर्ग ओह लईका लईकीनखातीर ह जे यीशु मसीह में विश्वास करेला आ उनका के आपन मुक्तिदाता मानेला अउर आप खुदा मानके उनकर आज्ञा के पालन करेला ।



स्र्वग में एगो किताब रखल बा जवना के नाम ह लैम्ब के जीवन किताब । इ किताब लोगन के नाम से भरल बा । का तु जानताड कि ओह किताब में केकर नाम लिखल बाघ ओह यब आदमी के नाम जे यीशु में विश्वास करेला । का तोहार नाम बा ओह किताब मेंघ ।



स्वर्ग के बारे में बाईबिल के अंतिम शब्द हमनी खतीर अद्भुत नेवता ह । "आ आत्मा आ नववधु कहो, 'आव !' जे सुने उ कहो, 'आव !' आ जे पियासल होखे उ आओ । आ जेकरा भी ईच्छा होखे, उ आओ आ मुफ्त में जीवन के पानी गरहन करो ।"



# स्वर्ग, ईश्वर के खुबसूरत घर

## एक कहानी ईश्वर के पवित्र वचन

## बाइबिल के स्तोत्र

योहन १४,
२ कुरिन्थ ५,
प्रकाशना ४, २१, २२

ष्तोहरी बातन की खुलला से उजियार होलाष
भजन संहिता 119:130

# समाप्त

इ बाइबिल कहानी हमनी के आश्चर्यजनक ईश्वर के बारें में बतावता जवन ईश्वर हमनी के बनवले बाडन आजवन ईश्वर चाहत बाडन की हमनी के उनका के जानी जा ।

ईश्वर जानताडन की हमनी के खराब काम कइले बानी जा जेकरा के उ पाप कहेलन । ओह पाप के सजा मौत ह ।बाकी ईश्वर हमनी के एतना प्यार कइलन कि उआपना एक मात्र बेटा यीशु के धरती पर भेजलन कि उ हमनी खातीर क्रूस पर मर जास । हमनी के पाप के सजा उ पावसु । तब यीशु जीयलन आ परलोक गइलन । यदि तुहु यीशु में विश्वास करेल अउर उनका से निहोराकरेल कि उ तोहरा पाप के माफ कर देसु त उ एसहीं करिहन ।
उ अभी अइहन आ तोहरा में जीवन बितइहन आ तु
हमेशा उनका साथे जीवन जीअब ।

यदि रउआ विश्वास करिना कि इ बात सच ह तब ईश्वर से इ बात कहि : प्रियतम यीशु हम विश्वास करीना कि रउआ ईश्वर हईं । रउआ मानव तन धारण कइनी कि हमरा पाप खातीर मरी । बाकि अब रउआ जी गइल बानी । मेहरबानी करके रउआ हमरा जीवन मे आ जाईं अउर हमरा पाप के क्षमा दीही ताकि हम नया जीवन पा सकी अउर एक दिन हम रउरा में हमेंशा खातीर एक हो जाईं। हमरा के रउआ मदद करी कि हम राउर आज्ञा के पालन करी अउर राउर बच्चा के तरह रउरा खातीर जी सकी आमीन ।